**Adabiyotlar**

1. O‘zbekiston Respublikasining “Pedagogning maqomi to‘g‘risida”gi Qonuni. (01.02.2024). // Qonun hujjatlari ma’lumotlari milliy bazasi, 01.02.2024-y., 03/24/901/0082-son.
2. Uzluksiz ma’naviy tarbiya Konsepsiyasi. // O‘zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2019-yil 31-dekabrdagi “Uzluksiz ma’naviy tarbiya konsepsiyasini tasdiqlash va uni amalga oshirish chora-tadbirlari to‘g‘risida”gi 1059-son Qarori. //Qonun hujjatlari ma’lumotlari milliy bazasi, 03.01.2020 y., 09/20/1059/4265-son.
3. Бентам И. Введение в основания нравственности и законодательства. An Introduction to the Principles of Morals and Legislation. - М. : РОССПЭН, 1998. –С. 415.
4. Левитан, К. М. Педагогическая деонтология. — Екатеринбург: Деловая книга, 1999. –С. 272.
5. Коменский Я.А. Избранные педагогические сочинения. - Т. 1. - М. : Педагогика, 1982. –С. 656.
6. Vaxobov A. “Zamonaviy o‘qituvchi qiyofasida deontologik kompetensiyani rivojlantirish”. Ta’lim va innovatsion tadqiqotlar, xalqaro ilmiy-metodik jurnal, 2024/№ 5. ISSN 2181-8274.
7. Кертаева Г.М. Основы педагогической деонтологии. 2019. 6-40-б.
8. Axmedova M.T. Pedagogik konfliktologiya. O‘quv qo‘llanma. -T.: “Adabiyot uchqunlari”, 2017. 320-b.

**REZYUME.** Mazkur maqolada bo‘lajak tarbiya fani o‘qituvchisining deontologik tayyorgarligi, uning asosiy vazifalari, unga qo‘yiladigan talablar keng doirada tahlil qilingan. Bo‘lajak tarbiya fani o‘qituvchisning deontologik kompetensiyasini rivojlantirishni soha yo‘nalishiga qo‘yiladigan malaka talablardan kelib chiqib belgilash masalalari yoritib berilgan. Bo‘lajak tarbiya fani o‘qituvchisning deontologik tayyorgarligi imknoiyatlarini yanada yoritib berish uchun bir qancha olimlarning o‘qituvchi kasbiy etikasi va axloqining falsafiy asoslari ilmiy jihatdan asoslab berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье в широких рамках анализируются деонтологическая подготовка будущего педагога, его основные задачи и требования к нему. Освещены вопросы определения развития деонтологической компетентности будущего педагога на основе квалификационных требований к отрасли. В целях дальнейшего освещения возможностей деонтологической подготовки будущего педагога научно обоснованы философские основы профессиональной этики и нравственности педагога рядом ученых.

**SUMMARY.** This article broadly analyzes the deontological training of the future teacher, his main tasks and requirements for him. The issues of determining the development of deontological competence of a future teacher based on the qualification requirements for the industry are covered. In order to further illuminate the possibilities of deontological training of a future teacher, a number of scientists have scientifically substantiated the philosophical foundations of professional ethics and morality of a teacher.

## Tálim - tárbiya teoriyası hám metodikası

# JAS ÁWLAD SANASÍNA RUWXÍY HÁM KÓRKEM ESTETIKANÍŃ JETISKENLIKLERIN SIŃDIRIW JOLLARÍ

**P.S.Abdimuratov –** *pedagogika ilimleriniń kandidatı, docent*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*
**B.T.Seytanov –** *erkin izleniwshi*
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** estetik his-tuyg‘u, nafosat tarbiyasi, pedagogika, psixologiya, motivatsiya.
**Ключевые слова**: эстетическое чувство, воспитание, педагогика, психология, мотивация.
**Key words:** acthectic emotion, education, pedagogy, psychology, thought.

Búgingi kúnde tálim-tárbiya tarawında ámelge asırılıp atırǵan islerdiń mazmunı hám mánisi keleshekte tálimniń rawajlanıwı nátiyjesinde jámiyetimiz erisetuǵın kúsh-qúdiret, párawanlıq, mádeniylik ma’rifiylik hám ruwxıy-aǵartıwshılıq dárejesin belgilewshi tiykarǵı faktorlardan biri. Usı sıyaqlı oqıwshı-jaslardıń ruwxıy kamalatın támiyinlew pedagogika pániniń búgingi kúndegi baslı mashqalalarınıń biri [2]. Mámleketimizdiń erteńgi kúnin kóz aldımızǵa keltirer ekenbiz, intellektual rawajlanıw, ruwxıy-aǵartıwshılıq kúsh baslı baǵdar boladı. Solay eken, búgingi kúni oqıwshılardıń aqıl-oyın keńeytiw, ruwxın bayıtıw kórkem-estetikalıq túsiniklerin jetilistiriw ayrıqsha itibardı talap etedi.

Mámleketimiz óz ǵárezsizligine eriskennen keyin, xalqımız keleshegin belgilep beriwshi bir qansha máseleler qatarında oqıwshı-jaslarǵa tálim beriw hám hár tárepleme jetik insan sıpatında tárbiyalaw jámiyetlik ómirdiń aktual máselesine aylandı. Bul boyınsha oqıwshılardı ulıwma dúnya ilim-texnika jetiskenliklerine juwap beretuǵın xalqımızdıń milliy dástúrlerine, ózligine sadıq, jámiyettiń hár tárepleme jetik puxarası dárejesinde tárbiyalaw bolıp tabıladı.

Xalqımızdıń milliy dástúrleri, mádeniyatı hám kórkem-estetikasınıń tárbiyalıq imkaniyatların turmısqa engiziw, olardı málim dárejede pedagogikalıq-metodikalıq aydınlıǵın támiyinlew házirgi waqıtta Ózbekstan, Qaraqalpaqstan mekteplerinde kórkem óner iskusstvosınıń tálim menen baylanıslılıǵın kúsheytiw úlken áhmiyetli másele esaplanadı [1]. Bul mashqalalardıń sheshiminde xalq ámeliy qol ónerine ayrıqsha itibar menen qaratılǵanlıǵın kóriwimiz múmkin. Ózbekstan mektepleri materialları tiykarında S.S.Bulatov, K.Qosimovlardıń isleri buǵan mısal bola aladı.

Lekin, tálim qaraqalpaq tilinde alıp barılatuǵın mekteplerdegi kórkem óner sabaqlarınıń ózine tánliligin sáwlelendiriwshi, milliy qásiyetlerdi kórsetiwshi maqsetli izertlewler, baǵdarlamalardıń joqlıǵı, olar arqalı millet tariyxı, onıń mádeniyatın úyreniwge járdem beriwshi ilimiy-izertlew isleri ulıwma alıp barılmaǵanlıǵı sebepli, qaraqalpaq xalıq kórkem-óneriniń tárbiyalıq hám ilimiy imkaniyatlarınan jeterli dárejede paydalanılmay qalınbaqta, ásirese, tálim qaraqalpaq tilinde alıp barılatuǵın mekteplerde kórkem óner sabaqlarında úlketanıw materiallarınan oqıwshılar súwretlew óneri boyınsha paydalanıw imkaniyatlarınıń qollanılmaw kiyatırǵanlıǵı júz beredi. Kórkem mádeniyattaǵı súwretlew óneri sabaqları úlketanıw, xalıq ámeliy qol óneri materialları boyınsha alıp barılsa, oqıwshılardıń ana tábiyatqa, Watanǵa bolǵan muxabbat tuyǵısı jánede ósiwin, tabiyatqa jaqınlıq, janajan úlkeniń gózzallıǵınan lázzet alıwı, óz tariyxın úyreniw, oqıwshılardıń ruwxıy dúnyasın bayıtıwda, olardıń ómirde óz ornın tabıwında ahmiyetli faktor bolıp xızmet qıladı[4].

Sol orında basqa ilim tarawlarında alıp barılǵan jumıslar óz áhmiyetli nátiyjesin bermekte. Tiykarınan T.X.Esbergenovanıń «Qaraqalpaqlarda balalardıń dástúriy miynet tárbiyası» (XIX ásir aqırı XX ásir basları) atlı kandidatlıq dissertaciyası tariyxı, onıń etnologiya qániygeligi boyınsha orınlanǵan jumısları, búgingi kúnde úlketanıwdıń tiykarǵı orayı bolǵan xalıq ónermentshiligi, ámeliy kórkem súwretelew óneriniń tárbiyalıq

imkaniyatları ortalıqqa inam etilgen. Ásirese, gilemshilik, kesteshilik, aǵash ustashılıǵı, zergerlik, gulalshılıq, terige hám basqa tábiyiy materiallarǵa islew beriw, otawlar tayarlaw usaǵan kórkem óner-kásip tarawlarına tárbiyalıq áhmiyette tariyxıy-faktologik materiallar menen tiykarlap berilgen. Qaraqalpaq tariyxshı alımı T.X.Esbergenova XIX ásir baslarında qaraqalpaqlarda balalardı dástúriy miynet tárbiyası dep talıqlasada, tiykarında bul processte kórkem mádeniyat súwretlew óneri tárbiyanıń bir qatar elementlerin óz ishine aladı. Olardıń analizi, birinshiden kásip-óner úyreniw procesiniń milliy dástúriy negizi, xalıq pedagogikasınıń principlerin: ekinshiden, T.X.Esbergenova tárepinen kórkem mádeniyat kásip hám ónerlerdiń ózgesheligi, jaǵdayı, qatlamı, jasına muwapıq sıpatında tańlap alıw qásiyetleri, olardı oqıwshılardıń jas ózgesheliklerine sáykes tárizde tańlap alıwdı; úshinshiden, ónermentshilik, xalıq ámeliy mádeniyatı, kórkem mádeniyat, súwretlew óneri shıǵarmalarında oqıw materialı sıpatında jergilikli sharayat talapları tiykarında, oqıwshılardıń tayarlıq dárejelerine más ráwishte tańlap alıw máselelerine bir qansha aydınlıq kiritedi.

Bunnan tısqarı, qaraqalpaq xalqınıń etnik tariyxı mádeniyat máselesi hár túrli tarawlarda úyrenilgen, kórkem estetikalıq tárbiya usılı sıpatında paydalanıw ushın metodologiyalıq tiykar wazıypasın atqaradı, hámde úlketanıw materiallarınıń juwmaǵında aydınlıq kiritedi.

Úlkeni úyreniwde lingivistikalıq oraylar da júdá úlken áhmiyetke iye bolıp, bunda hár bir xalıqtıń qosıqları, ápsanaları, ertekleri, naqıl-maqalları, eposları lingivistikalıq oraylar bolsa, tuwılıp ósken jay atın biliw qashan hám ne ushın sonday atalıwı toponimik oraylar óz kórinisin tabadı[5]. Bulardı úyreniw oqıwshı jaslarda óz Watanın súyiw, onı húrmet qılıw, sonday-aq kórkem-estetikalıq jaqtan tárbiyalanıwında úlken áhmiyetke iye[3]. Bir sóz benen aytqanda, bul oraylar úlketanıw materialı sıpatında tárbiyalıq rol atqaradı.

Úlketanıwǵa tiyisli jumıslardıń negizi bilimlendiriw procesinde xalqımızdıń kórkem mádeniyatınan hám ámeliy úlketanıw materiallarınan paydalanıw ayrıqsha áhmiyetke iye ekenligin kórsetedi. Bular oqıwshılarda tek ǵana kórkem-óner bilimlendiriwi tiykarların puxta iyelewlerinde ǵana emes, al pánler ara baylanıstı bekkemlewde, úlkemiz tariyxın úyreniw menen búgingi kúnde júz beretuǵın waqıya hám hádiyselerdi tereń ańlaw hámde talqılawda, ana tábiyatqa mehir-muxabbat oyatıw, ekologiyalıq ortalıqtı jaqsılaw jolında tabıslı miynet qılıwǵa baǵdarlawda, joqarı ádep-ikramlıq qásiyetlerdi en jaydırıwda keń imkaniyatlarǵa iye. Bul talap úlketanıw materialın oqıw materialı sıpatında ilimiy hám tárbiyalıq imkaniyatları keń kólemli ekenligin názerde tutadı. Mektep oqıwshılarına kórkem-estetikalıq tárbiya beriwde úlke materiallarına múrájet etiw bilimlendiriwdiń milliy negizin bekkemlew demek. Úlketanıw materiallarınan oqıtıwdıń túrli basqıshlarında paydalanıw bolsa, óziniń tálim-tarbiyalıq tásir kúshine kóre, ónimli oray esaplanadı. Bul tásir ásirese oqıwshılardıń tariyxıy bilimlerin bekkemlew, olardıń ruwxıy dúnyasın bayıtıwda ayrıqsha áhmiyetke iye esaplanadı [2].

Usı mániste miniatyura mádeniyatınıń ruwxıy-aǵartıwshılıq imkaniyatları ózine tiyisli áhmiyetke iye. Miniatyura mádeniyatı tek ǵana shıǵıs mádeniyatınıń tiykarı ádebiyat, filosofiya, kitapxanlıq usaǵan jáhán mádeniyatı hám korkem óneri tariyxınan óziniń múnásip ornın iyelegen ózine tán túri ǵana emes, bálkim joqarı dárejedegi romantika hám shıǵıstıń tımsalı, dúnya xalıqların kóp ásirlerden berli ózine tartıp kelgen durdana mádeniy óner túri bolıp, onıń tárbiyalıq imkaniyatları tálim-tárbiya diziminiń barlıq tarawlarında jeterli dárejede paydalanıwdı talap etedi. Gozzallıq iskusstvosınıń bul túrine óziniń ilimiy-dóretiwshilik izleniwlerin baǵdarlaǵan faktorlardıń salmaǵı júdá joqarı. Olar arasında Amerika, Evropa, Shıǵıs mámleketleriniń, sonday-aq Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan alımlarınıń ilimiy miyrasları ózine tán metodologiyalıq tiykar sıpatında usı mashqalanıń pedagogika páni tálim-tárbiya teoriyası hám metodikası kózqarasınan analiz etiw, onıń tálim-tárbiyalıq imkaniyatların analiz etiw ushın keń imkaniyat ashıp beredi [3].

Miniatyura mádeniyatınıń tárbiyalıq hám súwretlew óneri imkaniyatların anıqlaw hám onnan oqıwshılardıń kórkem mádeniyat-estetikalıq, ruwxıy kamalatlarında paydalanıw kóp tárepleme, quramalı process. Bul processte miniatyura mádeniyatı usılında oqıwshılar sanasına shıǵıs xalqınıń tariyxı, filosofiyalıq ruwxıy keshirmeleri, turmıs qálbi arqalı mádeniyattaǵı professionalizmdi, barlıqtı sheber súwretlew usılların hám teoriyalıq hám ámeliy tárepten túsindiriw imkaniyatları ashıladı. Bul oqıwshılardıń kórkem mádeniyat hám súwretlew óneri tárbiyasın jetilistiriw jolındaǵı estetikalıq faktor.

Málim bolǵanınday miniatyura mádeniyatı ulıwma orta bilimlendiriw mektepleriniń 6-7-klasslarında «Súwretlew óneri» oqıw páni sheńberinde úyreniledi. Sonday-aq, bul mádeniyat túri «Lokk miniatyurası» (orta arnawlı, kásip - óner tálimi) hám de «Miniatyura hám xattotlik» (joqarı tálim) baǵdarında úzliksiz tálimniń joqarı basqıshlarında úyreniledi.

Ulıwma bilim beriw mekteplerinde alıp barılıp atırǵan súwretlew óneri bilimlendiriwdiń tiykarın evropasha reallıq kórkem mádeniyat nızam-qaǵıydaların, tariyxın úyreniwin payda etedi. Miniatyura mádeniyatı mádeniy miyras, ruwxıy-estetikalıq kamalatqa jetkiziwshi oray sıpatında jaqın-jaqınlarǵa shekem úyrenilmes edi. Tábiyiy, uzaq jıllar dawamında kórkem mádeniyattıń jetilisken kórinisi sıpatında Evropa súwretlew óneri mádeniyatı qollanılıp kelindi. Usı sebepli oqıwshılardan ózleri menen súwretlerin sanap ótiw soralǵanda tiykarınan Evropalıq súwretshilerdiń atları aytılar edi. Shıǵıs kórkem mádeniyatı, miniatyura mádeniyatın oqıwshılar, úlken jastaǵı kisiler, hátteki ayrım mádeniyat hám aǵartıўshılar toparlarınıńda súwretlew óneri mádeniyattaǵı «noprofessional halat» dep túsingen jaǵdayları gúzetilgen. Mine, usı orında bir názik jaǵday júzege keledi, yaǵnıy, hár bir kórkem mádeniyat baǵdarınıń ózine tán jetilisken tárepi bolıp, olardı oqıwshılar tárepinen oqıp úyreniliwin shólkemlestiriwde birewiniń ekinshisi tárepinen kemsitiliwine jol qoyılmawı lazım. Kerisinshe, olardı jetilistiriw, bir-birin toltırıwshı, bayıtıwshı tireplerinen aqılǵa muwapıq paydalanıw eń isenimli hám unamlı jol, yaǵnıy Evropa realistlik kórkem súwretlew óneriniń klassik nızamları, princip hám metodların qabıl etken halda olardı shıǵıs durdanaları menen birlestiriwdiń unamlı nátiyjeleri kelip shıǵadı [2].

Tariyxıy oraylar, mádeniyat tanıwǵa baylanıslı izertlewlerdiń nátiyjesi sonı kórsetedi, dúnya mádeniyatınıń baǵdarları, ásirese, batıs hám shıǵıs mádeniyatı hám kórkem óneri sintezlewshi júdá áyemgi process. Onıń tariyxıy tamırları Antik dáwirge, Oyanıw dáwirine barıp taqaladı. Jáhán mádeniyatınıń iri wákilleri-evropalılar (Leonardo da Vinchi, Rembrandt, Matiss hám basqalar) shıǵıs súwretlew kórkem óner mádeniyatı utıslarınan únemli paydalanǵan halda dóretiwshilik kamalat shoqqısın iyelegeni tariyxtan málim. Bul maǵlıwmatlardıń kórkem-estetikalıq tárbiya procesinde qosımsha oqıw materialı sıpatında qollanıwı hár eki baǵdardaǵı mádeniyattıń bir-birin bayıtqanlıǵına mısal bola aladı hám olardan paydalanıw, oqıwshılardıń kórkem-estetikalıq dúnya qarasın arttırıwda olardıń ruwxıy dúnyasın bayıtadı. Bir millettiń mádeniyatı sheńberinde túp mánistegi ruwxıy kamalattı eleslew qıyın. Usı orında shıǵıstıń batısqa jaqsı tásiri ibrat boladı. Bul tásir ádebiyat hám mádeniyatta anıq kórinedi. Xoja Hofizdıń Sheroz jananınıń bir jaǵdayına Samarqand, Buxoranı baxsh etiw haqqındaǵı qosıq qatarları Y.V.Gyotenniń «Ǵarbu Sharq devoni» shıǵarmasın júzege keltirdi. Shıǵıs miniatyura mádeniyatı Rembrandat Tagor

usaǵan ullı xudojniktiń ózine tiyisli ilham deregi bolǵan. Onıń eń qádirli buyımlarınan biri shıǵıs miniatyura mádeniyatı shıǵarmalarınan ibarat albom bolǵan. Xudojnik óz dóretiwshiliginde usı albomdaǵı miniatyuralarǵa, olardıń syujetine qayta-qayta murajat etken. Kamaliddin Begzat ólgeninen soń 333 jıl ótkennen soń dúnyaǵa kelgen ataqlı Anri Matiss novator xudojnik sıpatında Evropa, bálki dúnya kórkem mádeniyatı súwretlew óneri tariyxında ullı impressionist tiykarında tereń iz qaldırǵan. Ol xudojnik sıpatında tolıq qálipleskennen soń da Begzat shıǵarmalarında reńlerdiń tınıqlıǵınan hayran qalǵan.

Óz náwbetinde Evropa estetikası tiykarınan shıǵıs iskusstvosına tásir ótkizgenligin kóriw múmkin. Bul tásirdiń teń salmaqlıǵı, uyǵınlasıw procesin gúzetiw hám onnan tuwrı juwmaq shıǵarıwǵa ruwxıy hám de kórkem estetikanıń jetiskenliginen dep bilemiz. Usı orında Batıs hám Shıǵıs kórkem óner iskusstvosı ózine tán sintezin óz tvorchestvosına sińdirgen Ózbekstan xalıq xudojnigi Shıńǵız Ahmarovtıń esteliklerinen paydalanıw oqıwshılar ushın ózine tiyisli ibrat mektebi boladı, yaǵnıy oǵan bárqulla ilham baǵıshlaǵan ardaqlı xudojnikleri, shıǵarmaları bolǵan. Onıń kóz aldında Kamaliddin Begzat, Sultan Muhammat, Mikelanjelo, Leonardo da Vinchi, Anri Matisslardıń shıǵarmaları ketpegen, ruwxında qosıq hawazınday barqulla jańlap turǵan. Xudojnik óz dóretiwshiligi dawamında Niderlandiya hám Italiya, Franciya hám Rossiyanıń ullı xudojnikleriniń súwretlew kórkem mádeniyat miyrasınan ilhamlanıp kelgen. Olar Andrey Rublev, Ilya Repin, Rembrandt, Rubens, Klod Mone, Gogen, Van Gog shıǵarmaların uzaq waqıt kóre almasa, shólde uzaq júrip shóllegen adamday biytaqatlana baslaǵan. Sonday-aq, óziniń kórkem mádeniyattaǵı ruwxıy azıq deregi sıpatında Gór Amir maqbarasın, Registan ansamblin tilge alar eken, olardı adam mánáwiy dúnyasın suwǵarıp turatuǵın ruwxıy bulaqlar dep aytadı. Shıńǵız Ahmarovtıń ullılıǵı, ruwxıy dúnyasınıń baylıǵı da usı eki baǵdardaǵı mádeniyattıń eń itibarlı sezimlerin sıpatlı ózlestirgen jaǵdayda ózine tiyisli súwretlew óneri mektebin jarata alǵanlıǵınan. Bul mektep, Shıǵıs miniatyura mádeniyatınıń zamanagóy analizi sıpatında júz beredi hám Ózbekstan kórkem óner mádeniyatı tariyxında jarqın kórinis bolıp qaldı. Eń tiykarǵısı, milletke, milliy mádeniyat rawajlanıwın qayǵırıw, oǵan isenim arttırıw xudojnik ruwxiyatınıń tiykarǵı mazmunın, bas ideyasın payda etedi. Bunnan shıǵatuǵın juwmaq isenim hám ruwxıy dúnyaqarası qáliplesip atırǵan jas áwladtıń ishki dúnyasınıń, oy-pikiriniń eń tiykarǵı jemisi bolıwı lazım. Mine, sonıń ushın Kamoliddin Begzod hám SHıńǵız Ahmarov hám dúnya kórkem óner súwretlew mádeniyatı tariyxınan ullı dóretiwshiler sıpatında orın alǵan.

**Ádebiyatlar**

1. Bazarbaev J., Dáwletova K. Ádepnama. –Nókis: 1996.
2. Kosnazarov K., Pazılov A., Tilegenov A. Pedagogika. –Nókis: «Bilim», 2009, 256-b.
3. Pazılov A.K. Tárbiya haqqında oylar. –Nókis: «Bilim», 2009.
4. Abdimuratov P.S. Tárbiya sabaqları. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2021. 120-b.
5. Jańabaeva Ǵ. Adamnıń estetikalıq mádeniyatı. –Nókis: «Bilim», 1995.

**REZYUME.** Maqolada inson estetik his-tuyg'ularining kechish jarayoni va ularga motivatsion harakat mexanizmlari haqida so'z boradi.

**REZYUME.** В статье представлена информация об эстетических чувствах человека, а также об их мотивационных механизмах.

**SUMMARY.** The article deals with the aetuentic emotions of a person and mechanisms of withstanding its effects.

## ОБРАЗОВАТЕЛЬНО-ВОСПИТАТЕЛЬНЫЕ ИДЕИ И МЫСЛИ В КАРАКАЛПАКСКИХ НАРОДНЫХ ЭПОСАХ

### (На примере эпоса «Шарьяр»)

**Р.А.Абдуллаева –** *преподаватель*
**Г.Ж.Толегенова –** *старший преподаватель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

**Таянч сўзлар:** достон, дидактика, характер, ғоя, биринчи ва иккинчи Уйғониш даври, иккиюзламачилик, шафқатсизлик, меҳнатсеварлик, эркин фикрлаш, ахлоқий тарбия, маънавий имкониятлар.

**Ключевые слова:** эпос, дидактика, характер, идея, первый и второй Ренессанс, лицемерие, безжалостность, трудолюбие, свободомыслие, нравственное воспитание, духовные возможности.

**Key words:** epic, didactic, character, idea, the first and second Renaissance, hypocrisy, cruelty, hard work, free thinking, moral education, spiritual forces.

Совершенной личностью считается человек, поднявшийся на самую вершину совершенства, сформировавший в своем сознании такие человеческие качества как свободомыслие, борьба за идеалы своего народа, честная служба своему народу, совершенство, милосердие, справедливость, честность, совесть, честь, воля, трудолюбие. Эта идея о совершенной личности всегда была мечтой нашего народа, неотъемлемой частью духовного мира, отраженная в священной книге Зороастризма "Авесто", в которой воплощены понятия добрых намерений, добрых слов, добрых дел, понятие о них объясняется как главная мера совершенства [2].

Также в нашей работе мы рассматриваем как генезис и источник идеи совершенной личности в эпосе "Шарьяр" вместе с дидактическими взглядами, зафиксированными в письменных "Орхоно-Енисейских памятниках" VI-VIII вв., являющимся литературным, художественным и просветительским наследием тюркских народов первого и второго Ренессанса "Книга деда Коркута", эпическое произведение "Огузнама" и такие памятники письменности, как "Словарь тюркских языков" Махмуда Кашгари, "Знание, ведущее к счастью" Юсуфа Хос Ходжиба, "Дар истины" Ахмада Югнакий, также были проанализированы дидактические взгляды в литературных и научных трудах таких мыслителей, как Абу Райхан Беруни, Мирзо Улугбек, Абдурахман Джами, Алишер Навои, Бабур Мирзо. В результате сделаны выводы, по которым первые формы эпоса "Шарьяр" возникли в период перехода от шаманизма к Исламской религии Тюркского каганата, а затем в IX -XVI веках сформировался как крупный эпос в фольклорном и этнопедагогическом наследии. Эти наследия являются не только корнями воспитательных взглядов в эпосе "Шарьяр", но и основой для поиска духовных возможностей развития общества, идеи воспитания совершенной личности.

Образец устного народного творчества эпос "Шарьяр", взявший свои эстетические корни из таких духовных источников, показывающий национальное своеобразие, являясь частью духовной жизни, переходящей из поколения в поколение, как гордость национального наследия выполняет огромную роль